МБОУ «Гимназия № 35»

**Утвержден:**
**Директором гимназии № 35**
**Меджидова Ч.М**

# Рабочая программа по родной (аварской) литературе 5 -11 класс

**Составила:**

**Магомедова**

**Гулишат Абдусаламовна**

# Программаялъе баян

## 5 – 11 классалъул х1алт1ул программа г1уц1ун буго х1укуматалъул аслиял федералиял т1алабазда рекъон, Авар ва Дагъистан адабияталъул программаги кьоч1ое босун (Мах1ачхъвала: ООО «Издательство НИИ педагогики»)

Художествияб адабияталъ кIудияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г Iагараб халкъалъул рух Iияб бечелъиялъул кьучIалда гIолилазе тарбия кьезе.

Гьединлъидал школалда малъизе тIаса рищун руго цIалдохъабазе мустахIикъал, магIнаялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул милатазул цо – цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художетвиял асаразул анализ гьабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гъварилъи.

Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.

Малъиялъул мурадлъун ккола раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гьорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул кьуч1алда асаразулъ рихьизарурал обществиял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал – хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.

Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола Ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дуняллъулго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асарал ц1алдохъабалъ куцаялъ.

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб – х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул литератураялдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.

Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги ц1алдохъабазул т1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде, босун, авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан: 1себ V-IX классазда литературияб ц1али, 2 леб – Дагъистаналъул литератураялъулт курс.

V-IX классазе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун тематикияб ва жанрабазул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босула байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.

V-IX классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Гьеб программаялъул аслияб т1алаб: литератураялде лъималазул рокьи базаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гъварилъуде раккизе ва аслияб пикралда (идеялда) хадур гъезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, т1ахьал ц1ализе гьира-шавкъ бижизаби. V-IX классазе т1аса рищарал асараз рес кьола ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рух1ияб сахаватлъи куцазе, г1урмуялда дандч1вазел г1емерал лъугьа-бахъиназе бат1араб къимат кьезе ругьун гьаризе.

Т1асиял классазда авар ва Дагъистаналъул литература малъиялъул аслияб масъалалъун ккола художествиял асарал гъваридго рич1ч1улев, гьезул идеялда (аслияб пикруялда), сипатияб каламалъул хаслъабазда хадув гъолев, гьезие битьараб къимат кьун бажарулев, жиндир халкъалъул рух1ияб бечелъи босарав чилъун щивав ц1алдохъан вахъинави.

Авар адабияталдаги инсаниятальего г1аммал образал ратизе ва рат1а рахъизе лъимал ругьун гьарула. Учителас ц1алдохъабазда малъула, халкъалъ ч1езарулал рух1иял г1урхъабазда рекъон, героязул хьавада - ч1вади, г1амал-хасияб борцине. Гьебго х1алт1и г1урус адабияталъул дарсаздаги гьабулелъул, к1иябго адабияталда рух1иял т1алабал т1урараб куц данде ккун, г1аммал рахъал ратани, лъимал х1асилалде рачине зах1малъуларо.

Школалда малъизе т1аса рищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе мустах1икъал асарал.

Ц1алдохъабазда т1адаб буго классалданиги рокъобниги гьел асарал т1уранго ц1ализе. Ц1алулаго лъугьараб рух1ияб асаралъул кьуч1алда гьабула анализалъулаб х1алт1иги.

Асарал малъулаго, хъвадарухъанасул г1умруялъул ва творческияб нухалъул х1акъалъулъ баян кьезе ккола. Гьелъ квербакъула художествиял асарал гъваридго рич1ч1изаризе гуребги, Ват1аналъе рит1ухъав, халкъалъул рух1ияб байрахъ борхатго кквезе къеркьарав раг1ул устарасул х1алуцараб г1умру, жигараб х1аракатчилъиги баян гьабизе.

Гьел х1алт1аби щулаго рухьарал руго адабиял асарал малъиялда. Гьединлъидал лъималги ругьунлъула сипатияб каламалде, поэтазул, хъвадарухъабазул пасих1аб мац1алде, раг1аби дандразе, хабар г1уц1изе, маг1наялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдалъун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги ц1алдалдохъабазул бажари борхула.

Программаялда ч1езабун буго, адабияталъул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мух1канаб г1урхъи-рахъ. Лъазе ккола малъулел асаразул х1асил бицине, щибаб классалъул программаялда кьурал литерагурияб теория баяназдаса г1ат1идго пайда босизе, программаялъ т1адаллъун гьарурал текстал рек1ехъе ц1ализе.

Ругьунлъиялъулгун бажариялъул т1алабал к1ийиде рикьун рихьизарун руго:

1. Асаралъул анализ гьабун ва гьелъие къимат кьун бажари;
2. Калам г1уц1ун бажари.

Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб ц1алул заман. Ц1алдохъабазул къадаралде, лъаялде ва гьезулгун классалда х1алт1и гьабизе ругел шарт1азде балагьун, яги методикияб рахъалъ чара гьеч1еблъуы бихьулеб бугони, учителасул ихтияр буго, цо-цо темаялъе кьурал саг1тазул къадар, жиндаго лъик1аблъун бихьараб къаг1идаялъ, хисизабизе.

Адабияталъул дарсазда цадахъго г1ат1идго бачине ккола класстун къват1исеб х1алт1иги: адабияб кружок, ц1аларал т1ахьазда т1асан бах1сал-конференциял т1орит1и, литературиял х1аял, пасих1го куч1дул, харбал ц1алиялъул къецал, концертазде, киноялде, театралде цадахъ ин ва бихьаралда т1асан гара-ч1вари г1уц1и, поэтазул, хъвадарухъабазул бак1азде сапарал гьари, литературиял музеязде щвей, халкъияб к1алзул гьунаразул асарал рак1ари г1адал тадбирал.

**АВАР АДАБИЯТАЛЪУЛ ПРОГРАММА**

V КЛАСС

**(34 сагIат)**

| № | тема | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1. | Халкъияб к1алзул гьунар «Ганч1ил вас» | 1 |
| 2. | «Лъабго гьунар гьабурав бах1арчи» | 1 |
| 3. | «Х1амаги бац1ги» (маргьа) | 1 |
| 4. | «Кьурулъ хут1арав Г1али» | 1 |
| 5. | Бицанк1аби. Кицаби | 1 |
| 6. | «Янгъизасул кеч1» «Мискинлъи»<br>«Даргиязул халкъияб кеч1» | 1 |
| 7. | Ц1.Х1амзат «Гъалбац1ги г1анк1ги» | 2 |
| 8. | Г1абдулмажид Хачалов «Шахламаз» | 1 |
| 9. | Г1абасил Мух1амад «Ч1ибирикъ» | 1 |
| 10. | И.Г1алих1ажияв «Бечедал чаг1азде» «Т1абиг1ат берцинаб жо» | 1 |
| 11. | Ругъжаса Эльдарилав «Хъуру-хъара» | 1 |
| 12. | Ц1адаса Х1амзат «Г1акдал кеч1» | 1 |
| 13. | Кочхюралдаса Саг1ид «Мурсалханасе наг1ана» | 1 |
| 14. | Абут1алиб Гъапуров «Дир г1умру» | 2 |
| 15. | Г1азиз Иманагъаев «Х1алт1ухъанасул г1умру» | 1 |
| 16. | Мух1амад Шамхалов «Зурмихъабазул нохъода» | 1 |
| 17. | М. Сулиманов «Х1инкъараб сапар» | 2 |
| 18. | Расул Х1амзатов «Вера Васильевна» | 1 |
| 19. | Расул Х1амзатов «Маша» | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| 20. | Г1. Хачалов «Т1аса лъугьа, гьалмагъ майор» | 2 |
| 21. | Фазу Г1алиева «Муг1алим» | 1 |
| 22. | Мух1амад Г1абдулх1алимов «Инсул мина» | 2 |
| 23. | Абумуслим Жафаров «Сих1ираб ци» | 1 |
| 24. | К. Темирбулатова.<br>«Дир лъимерлъиялда хиял бук1ана» | 1 |
| 25. | **Изложение** | 4 |
| 26. | **Класс тун къват1иб ц1али** | 1 |

VI КЛАСС

**(34 сагIат)**

| № | тема | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1. | Халкъияб к1алзул гьунар «Къайицадахъал» | 1 |
| 2. | «Ралъдал чу» | 1 |
| 3. | «Муг1рузул Г1али» | 1 |
| 4. | Заирбег Г1алиханов «Бецаб сапар» | 1 |
| 5. | Г1. Шахтаманов «Халкъалъул ццин» | 2 |
| 6. | И. Г1алих1ажияв «Будун дандамаги» | 1 |
| 7. | Хъах1абросулъа Мах1муд «Рек1елъ иях1 бугев…» | 1 |
| 8. | Г1умарил Батирай «Бах1арчиясул х1акъалъулъ» | 1 |
| 9. | Ирчи Гъазахъ «Сибиралдаса кагъат» | 1 |
| 10. | Къуркълиса Щаза «Савву ккана каранда» | 1 |
| 11. | Ц1. Х1амзат «Шамил» «Чоде бет1ергьанас хъвараб» | 1 |
| 12. | Ц1. Х1. «Пилги ц1унц1раги» «Маймалакги ц1улал устарги» | 1 |
| 13. | Заид Х1ажиев «Х1анч1иккал» | 1 |
| 14. | Заид Х1ажиев «Цакьуги циги» | 1 |
| 15. | Ражаб Динмух1амаев «Хиянатчи» | 3 |
| 16. | Расул Х1амзатов «Россиялъул солдатал» | 1 |
| 17. | Расул Х1амзатов «Къункъраби» | 1 |
| 18. | Фазу Г1алиева «Маг1арулав» | 1 |
| 19. | Х1усен Х1ажиев «Г1алибегил къулг1а» | 1 |
| 20. | М. Г1абдулх1алимов «Госпиталалъул вас» | 2 |
| 21. | Багъатар Х1ажиев «Дихъ ралагьун ч1а, муг1рул» | 2 |
| 22. | Эффенди Капиев «Маг1арухъ чвахунц1ад» | 1 |
| 23. | Эффенди Капиев «Разведчикал» | 1 |
| 24. | Х. Беццав Къурбан «Мискинав шахул яс» | 1 |
| 25. | М-с Ях1яев «Лъабго бакъ» | 1 |
| 26. | **Изложение** | 3 |
| 27. | **Сочинение** | 1 |

VII КЛАСС

**(34 сагIат)**

| № | тема | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1. | Инсан ва гьесул къисмат – адабияталъул аслияб тема. | 1 |
| 2. | Унсоколоса Х1ожоги гуржиявги. | 2 |
| 3. | Ц1адаса Х1амзат «Дибирги г1анхвараги» | 1 |
| 4. | Ц1адаса Х1амзат «Ашбазалде» | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| 5. | *Изложение «Къуватги сих1ирлъиги»* | 1 |
| 6. | Мух1амад Хуршилов «Г1андалал» | 3 |
| 7. | Мух1амад Сулиманов «Васигат» | 2 |
| 8. | Э. Капиев «Жиндирго х1акъалъулъ Сулейманил хабар» | 2 |
| 9. | Асадула Мух1амаев «Маг1арулай» | 2 |
| 10. | М. Шамхалов «Тамашаяв гьобол» | 2 |
| 11. | *Изложение «Чанахъабазул гамач1»* | 1 |
| 12. | Расул Х1амзатов «Маг1арулал» | 1 |
| 13. | Р.Х1амзатов «Эбелалъ дир кинидахъ куч1дул ах1ич1ел ани» | 1 |
| 14. | Р.Х1амзатов «Дагъистаналъул рохьал» | 1 |
| 15. | Муса Мух1амадов «Инсул гьалбал» | 2 |
| 16. | Фазу Г1алиева «Маг1арулазул нус» | 2 |
| 17. | Къияс Меджидов «Муг1рузул ц1умазе хвел бук1унадай» | 1 |
| 18. | Багьавудин Митаров «Бице гьудулзабазда» | 1 |
| 19. | Г1алирза Саг1идов «Г1аздалал т1агърал» | 1 |
| 20. | М-р Расулов «Эбелалъул рах1му» | 2 |
| 21. | ***Сочинение*** | 1 |
| 22. | ***Изложение*** | 3 |
| 23. | Класстун къват1иб ц1али. | 2 |

VIII КЛАСС

**(68 сагIат)**

| № | тема | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1. | Халкъияб к1алзул гьунар «Суфичи - хиянатчи» | 3 |
| 2. | «Хочбар» | 2 |
| 3. | Ч1ик1аса Мух1амад «Имам Гъазимух1амад ч1ваялде» | 2 |
| 4. | Инхоса Г1алих1ажияв «Мехтел-гьекъел» | 1 |
| 5. | Инхоса Г1алих1ажияв «Исрапчиясде». | 1 |
| 6. | Инхоса Г1алих1ажияв «Ракь». | 1 |
| 7. | Ругъжаса Эльдариласул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян. | 1 |
| 8. | Ругъжаса Эльдарилав «Росу берцин» | 1 |
| 9. | Ругъжаса Эльдарилав «Жергъен гьартун ккана» | 2 |
| 10. | Бакьайч1иса Ч1анк1ал г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян | 1 |
| 11. | Бакьайч1иса Ч1анк1а «Сайгидул Бат1алиде» | 2 |
| 12. | Бакьайч1иса Ч1анк1а «Т1алх1атиде» | 1 |
| 13. | Хъах1абросулъа Мах1мудил г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян | 1 |
| 14. | Хъах1абросулъа Мах1муд «Хъах1илаб зодихъе баг1арбакъул нур» | 1 |
| 15. | Хъах1абросулъа Мах1муд «Рокьул конторалъул кавуги рагьун» | 1 |
| 16. | Хъах1абросулъа Мах1муд «Почтовой кагътиде керенги чучун» | 2 |
| 17. | Инхелоса Къурбан «Наибзаби х1елун» «Борхатаб маг1арда» | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| 18. | Инхелоса Къурбан «Бахъа къалам» «Г1енекке йокьулей» | 1 |
| 19. | Къалухъа Мирза «Ханасе жаваб» «Г1ашикъ булбул» | 1 |
| 20. | Йирчи Гъазахъ «Векьарухъанасул кеч1» | 1 |
| 21. | Ятим Эминил г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян | 1 |
| 22. | Ятим Эмин «Эминил васият» | 1 |
| 23. | Мунги Ах1мад «Шамилил суд» | 1 |
| 24. | Мунги Ах1мад «Паналъаяб дуниял» | 1 |
| 25. | Ц1адаса Х1амзатил г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян. | 1 |
| 26. | Ц1адаса Х1амзат «Айдемир ва Умайгьанат» | 5 |
| 27. | Ц1адаса Х1амзат «Г1умруялъул дарсал» | 2 |
| 28. | Мух1амад Хуршилов «Кьода нус» | 3 |
| 29. | Мух1амад Хуршилов «Боркьараб рагъ» | 3 |
| 30. | Мух1амад Шамхалов «Вац» | 2 |
| 31. | Анвар Аджиев «Бах1арчиясул куркьби» | 1 |
| 32. | Юсуп Хаппалаевасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян. | 1 |
| 33. | Юсуп Хаппалаев «Оцбай» | 1 |
| 34. | Юсуп Хаппалаев «Халкъияб кеч1» | 1 |
| 35. | Муталиб Митаровасул г1умруялъул х1акъалъулъ къокъаб баян | 1 |
| 36. | Муталиб Митаров «Устар» | 1 |
| 37. | ***Изложение*** | 4 |
| 38. | ***Сочинение*** | 2 |
| 39. | **Класстун къват1иб ц1али** | 7 |
| 40. | **Такрар гьабизе** | 1 |

IX КЛАСС

**(34 сагIат)**

| № | тема | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1. | 50-60 соназда авар адабият.<br>Р.Х1амзатов «Дир рак1 муг1рузда буго» | 2 |
| 2. | Расул Х1амзатов «Дир Дагъистан» | 2 |
| 3. | Р.Х1. «Эбелалде» «Авар мац1» «Милъиршаби» | 1 |
| 4. | Г1.Хачалов «Хваразул ц1аралдасан» | 2 |
| 5. | Муса Мух1амадов «Манарша» | 2 |
| 6. | Х1. Гъазимирзоев «Васасде» «Гъудуласде» | 1 |
| 7. | Х1. Гъазимирзоев «Лъалхъуге дир барти» | 1 |
| 8. | М. Гъайирбекова «Эбелалъул рак1» | 1 |
| 9. | М. Гъайирбекова «Эбелалъул кеч1» «Коч1олъ батараб дир талих1» | 1 |
| 10. | Фазу Г1алиева «Кини» | 1 |
| 11. | Г1абасил Мух1амад «Саба-меседо» | 3 |
| 12. | Г1-Х1. Шахтаманов «Къаралазул г1ор» «Рач1а гьудулзаби» «Г1андадерил х1ор» | 1 |
| 13. | Г1арип Расулов «Хазина» | 1 |
| 14. | Багъатар «Ц1адакьа бахчулеб чанил бурут1» | 1 |
| 15. | Багъатар «Севералда бугеб дир милъиршо» | 2 |
| 16. | М. Ах1мадолв «Дие бокьун буго» «Гьале балеб г1азу» | 1 |
| 17. | Х. Авшалумов «Дир гьудул – дир мадугьал» | 1 |
| 18. | Нурадин Юсупов «Гьавураб къо» | 1 |
| 19. | Феликс Бахшиев «Минаялда т1ад бомба» | 1 |
| 20. | А. Абу-Бакар «Даргиязул ясал» | 3 |
| 21. | **Класстун къват1исеб ц1али** | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| 22. | ***Изложение*** | 3 |
| 23. | ***Сочинение*** | 1 |

X КЛАСС

**(68 сагIат)**

| № | тема | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1. | ***Халкъияб к1алзул гьунаралъул асарал.*** «Парту Пат1има» «Ганч1ил вас» «Гьайбатай бика» «Надир-шагь щущахъ виххизави» «Бахтикал кеч1» «Мискинлъи» «Лирикиял куч1дул» | 5 |
| 2. | Къ-М. Мух1амад «Маг1арда г1азу буго» | 1 |
| 3. | Г1. Абубакарх1ажияв «Нахъа г1емер пашманлъила» | 1 |
| 4. | Гь. Саг1ид «Х1амихъ маг1у» | 1 |
| 5. | И. Г1алих1ажияв «Г1акълудал ралъад» | 1 |
| 6. | «Г1адада ч1оге» «Мукъур сурмияб микки» «Балагьея йокьулей» «Гьурмадул берцинлъи» Кицабиял алфазал «Хъах1аб рас» | 4 |
| 7. | Ч. Юсупова «Инхоса Г1алих1ажияв» | 1 |
| 8. | Г1анхил Марин «Дуда ч1ор реч1ч1аяв» «Зигара буго» | 1 |
| 9. | Хь.Мух1амадбег «Бах1аразде» | 1 |
| 10. | Ругъжаса Эльдарилав «Росу берцин» | 1 |
| 11. | Б. Ч1анк1а «Гулишатиде» «Гьарак1унисей» «Т1аде маг1арухъе яхине анищ» «Рек1ел гьудуласде гьадият хъвазин» | 3 |
| 12. | Хъ. Мах1муд «Макьу» «Эбелги ясги» «Мариям» «Г1ишкъул ц1еца» «Рек1ел гьаваялъул гьундул рихханин» | 4 |
| 13. | Ц1адаса Х1амзат «Хъах1аб росулъа Мах1муд» | 1 |
| 14. | Т1. Э. Г1али «Билараб г1акдаде» «Гьудуласде» | 2 |
| 15. | И. Къурбан «Рокьул кеч1» «Кундуховасде» | 1 |
| 16. | К. Саг1ид «Мурсалханасе наг1ана» | 1 |
| 17. | Я. Эмин «Огь, нилъер г1умру» «Гьаб дунял» «Кумек ах1и» «Дуде рак1 бати гьабуразе» «Эминил васигат» «Эминил йокьулей» «Огь, панаяб дунял!» «Гьудулзабазде» «Г1акълу гьеч1еб дунял» «Булбул» «Гьудул» | 5 |
| 18. | М. Г1али «Дир Ват1ан» «Ханасде» | 1 |
| 19. | А. Х1ажи «Х1алт1ухъанасул кагъат» | 1 |
| 20. | И. Гъазахъ «Сибиралдаса кагъат» «Бихьинчи кинав вук1ине кколев» «Бат1ияб мех» «Г1акъиласул сабру биххуларо» «Асхар-тау» | 5 |
| 21. | М-А Г1усманов «Къоял бат1иял руго» «Ях1» | 1 |
| 22. | З. Батирмурзаев | 1 |
| 23. | Г1.Батирай «Рокьул куч1дул» «Дица кеч1 кин ах1илеб» «Дица кеч1 ах1улароан» «Рохьор г1аркьалабиг1ан» «Жиб алмасалъ ц1ер г1адин» | 5 |
| 24. | М. Ах1мад «Шамилил суд» | 1 |
| 25. | З-Къади «Гьудуласухъе кагъат» | 1 |
| 26. | Къ. Щаза «Къокъал куч1дул» | 1 |
| 27. | С. Габиев «Анищ» | 1 |
| 28. | Гь. Саг1ид «Гъалайчаг1и» | 2 |
| 29. | Къ. Мирза «Ханасе жаваб» | 1 |
| 30. | Такрар гьаби | |
| 31. | Х1ажи Х1амзатовасул т1ехьалдаса цо-цо пикраби | 2 |
| 32. | ***Изложение*** | 1 |
| 33. | ***Сочинение*** | 3 |

| | | |
|---|---|---|
| 34. | ***Класстун къват1иб ц1али*** | 5 |

XI КЛАСС

**(68 сагIат)**

| № | тема | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1. | 1917-1945 соназда авар адабият.<br>Г1. Мух1амадов. «Хурухъанасе насих1ат» «Таргъу-мег1ер» «Мах1ач» | 1 |
| 2. | М. Чаринов «Х1абибат ва Х1ажияв» | 1 |
| 3. | М. Хуршилов «Сулахъалъ нуг1лъи гьабула» | 1 |
| 4. | Р-Д. Мух1амаев «Хъабчилъ бах1арзал» | 1 |
| 5. | С.Стальский «Эркенлъи» «Муллабазде» «Бечедал чиновникал» «Нилъер къуват комсомол» | 4 |
| 6. | Ц1. Х1амзат «Г1исинил гьвел кеч1» «Советазде щал рищизе кколел» «Х1амабагьадурлъи» «Москваялъул г1унгут1аби» | 3 |
| 7. | «Балагьалъул гъамас» | 3 |
| 8. | З. Х1ажиев «Тушманасе хвел» «Маххул къебелъухъ» «Хъах1илаб экран» | 3 |
| 9. | Г1. Иманагъаев «Дибирги ясги» «Тушман т1аг1инавизин» | 1 |
| 10. | Э.Капиев «Гуч» | 2 |
| 11. | А. Гъапуров «Баси» «Дида бич1ч1ана» «Дуг1а» «Г1акъилал раг1аби» «Муг1рул» «Катил х1еж» «Дир г1умру» | 4 |
| 12. | А.Жафаров «Ч1агоял рукъуларо» | 2 |
| 13. | «Куркьбал ругеб гъачагъ» | 1 |
| 14. | Къ. Меджидов «Маг1арухъ тараб рак1» | 1 |
| 15. | Ш. Мурадов «Росдал къебелъухъ» «Ракълил танк» | 1 |
| 16. | А. Аджиев «Рит1уч1» «Нухлулав» «Гъасда» «Кьо» | 1 |
| 17. | Ю. Хапалаев «Маг1арулав ватани» | 1 |
| 18. | М. Шамхалов «Буран» | 1 |
| 19. | М. Сулиманов «Огниялда» | 1 |
| 20. | Г1. Хачалов «Лъукъараб кеч1» | 1 |
| 21. | М. Гъайирбекова «Рак1алъ ц1аг1улеб буго» | 1 |
| 22. | Г1. Даганов «Марк1ач1уда магъилъ» «Къенседерил г1урухъ» | 1 |
| 23. | Р. Х1амзатов «Хъулбузул х1акъалъулъ» «Васигат» ««Какил саг1ат» Гьудуллъи ц1уне» «Кеч1али щайгурин, щибаб раг1иги» «Дун дандч1ваze ккола ч1ужуг1адангун цадахъ » | 4 |
| 24. | «Инсулгун гара-ч1вари» | 3 |
| 25. | А. Абу-Бакар «Хъах1аб сайгак» | 4 |
| 26. | М. Мух1амадов «Къисас» «Бакъдасел» «Ч1ег1ераб гамач1» | 3 |
| 27. | А. Аджаматов «Рит1уч1ил лълъурдул» | 2 |
| 28. | Ф. Г1алиева «Кьолбол мугьру» | 3 |
| 29. | М. Митаров «Чагуралъул къиса» | 1 |
| 30. | Х.Авшалумов «Вас» | 2 |
| 35. | ***Сочинение*** | 5 |
| 36. | ***Класстун къват1иб ц1али*** | 4 |

## Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан цIалдохъабазда цере лъолел аслиял тIалабал

### Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан V классалъул цIалдохъабазда цере лъолел аслиял тIалабал

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

— лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цIарал;

— лъазарурал асаразул багъадуралги ва гьел гьоркьор гIахьаллъулел лъугьа-бахъиназул рахасги;

— адабияб теориялдаса баянал: художествияб асаралъул багъадур, багъадурасул монолог, диалог; дандекквей, олицетворение, эпитет;

— адабиял маргъабаздаса халкъиял маргъабазул батIалъи;

— программаялда рекIехъе лъазаризе рихьизарурал текстал.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

— лъазарурал асаразда гьорлъа хасал лъугьа-бахъинал ратIа ра- хъизе;

— лъазарулел асаразда жанир кколел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва гIилла-мурадияб бухьен чIезабизе;

— малъулеб асаралда жаниб дандекквеял, эпитетал, олицетворениял ратизе ва текстазда гьоркьоб гьезул бугеб кIваралъе баян кьезе;

— мугIалимасул тIадкъаялда рекъон, лъазабулеб асаралъул багъа-
дурасул гIамал-хасият бицине.

— минуталда жанияб 90-100 рагIи кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал рагIун, ритIун ва чвахун цIализе;

— рекIехъе лъазарурал асарал пасихIго цIализе;

— гьитIинаб хабарияб асар, яги кIудиялъул цо бутIа изложение хIисабалда бицине ва хъвазе;

— захIматалъул темаялда сочинение хъвазе (жиндирго хIалтIул хIалбихьиялъул кьучIалда);

— асаралъул багъадурасул хасият рагьизе (бицунги хъванги);

— гьитIинаб хабарияб асар, яги кIудиялъул цо кесекалъул план гIуцIизе;

— асаралъул багъадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьиги загьир гьабун, жинцаго цIаларал художествиял асаразе къимат кьезе (бицун).

### Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ VI классалъул цIалдохъабазда церелъолел аслиял тIалабал

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

— лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цIарал;

— лъазарурал адабиял терминал, багъадурасул ва тIабигIаталъул сурат, гипербола, аллегория, кидагосеб эпитет;

— программаялда рекIехъе лъазаризе рихьизарурал текстал.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола;**

— Минуталда жаниб I00-II0 рагIи кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал ритIун, рагIун ва чвахун цIализе:

— асаралдаса хасал лъугьа-бахъинал ратIа рахъизе;

— лъазабулеб асаралда жанир кколел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва гIилла-мурадияб бухьен чIезабизе;

— лъазабулеб асаралъул тексталда жанир сипатиял рагIаби ратизе;

— лъазабулеб асаралъул багъадуразул ишазде балагьун, гьезул гIамал-хасияталъул бицине;

— художествиял, ричIчIизе бигьаял гIелмиял текстал ритIун, чвахун, рагIун цIализе;

— художествиял асарал пасихIго цIализе;

— гьитIинаб асар, яги кIудиялъул кесек изложение хIисабалда бицинеги хъвазеги;

— захIматалъул темаялда сочинениял хъвазе;

— хабарияб асаралъул, яги гьелъул цо бутIаялъул план гIуцIизе;

— асаралъул багъадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьиги загьир гьабун, жинцаго цIаларал асаразе къимат кьезе.

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъаль VII классазул цIалдохъабазда цере лъолел аслиял тIалабал**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

— лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цIарал, цIаразул магIна;

— лъазарурал хабариял асаразул багъадуралги гьез гIахьаллъи гьабулел ишазул тIелги;

— лъазабураб асаралъул гIуцIиялъул хасал рахъал;

— адабиял терминал: махсара, сатира, метафора, адабияталъул тайпаби;

— рекIехъе лъазаризе программаялда рихьизарурал текстал.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

— хъвадарухъанас гIуцIарал сипатиял лъугьа-бахъинал пикрудалъ гвангъун церечIезари;

— багъадурасул гIамал-хасият рагьизе хIажатал лъугьа-бахъинал лъазабулеб асаралдаса гIасарищизе;

— пикруябгун художественияб рахъ рагьизе сипатиял рагIабазул бугеб кIвар батизе;

— мугIалимас кьураб логикияб суалалда рекъон асаралъул багъадурасул гIамал-хасият рагьизе;

— лъазабулеб бугеб асаралъул кIиго багъадурги дандеккун, гьездехун авторасул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.

— минуталда жаниб 110-120 рагIи кколеб хехлъиялда ричIчIизе бигьаял,

- гIелмиял ва художествениял текстал ритIун, дурун, рагIун, цIализе;

— художествиял асарал пасихIго цIализе;

— хабарияб асар изложение хIисабалда бицинеги хъвазеги;

— хабарияб асаралъул, яги гьелъул цо бутIаялъул план бахъизе;

— цIалдохъанасул жиндирго кIалъаялъе план гIуцIизе;

— багъадураздехун, гьезул ишаздехун бухьараб ва цогидал искусствоялъул асаразе къимат кьезе (бицунги хъванги).

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ VIII классалъул цIалдохъабазда церелъолел аслиял тIалабал**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

— лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цIарал;

— лъазарурал асаразул аслиял темаби ва гьезул гIуцIиялъул хасал рахъал;

— лъазарурал хабариял асаразул багъадуралги, гьез гIахьаллъи гьабулел лъугьа-бахъиназул рахасги;

— адабияталъул теориялдаса баянал;

— драмиял ва лирикагун эпосиял асаразе хасиятал рахъал;

— программаялда рихьизарун ругел текстал рекIехъе лъазаризе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

— хъвадарухъанас гIуцIарал лъугьа-бахъинал пикрудалъ гвангъун церечIезаризе;

— художествияб адабият гIелмиябгун публицистикияб адабияталдаса батIа бахъизе;

— лъазабулеб асаралда жаниб;

— пикруябгун художествияб рахъ рагьизе сипатиял рагIабазул кIвар батизе;

— мугIалимас кьураб логикияб суалалда рекъон асаралъул багъадуразул гIамал-хасият рагьизе;

— эпосиял, лирикиял, лирикиялгун эпосиял ва драмиял асарал ратIарахъизе;

— художествиял асарал пасихIго цIализе;

— минуталда жаниб 120—130 рагIи кколеб хехлъиялда лъазарурал асарал ритIун, рагIун ва чвахун цIализе;

— хабарияб асаралъе, яги гьелъул цо бутIаялъе план бахъизе;

— жиндирго кIалъаялъе план ургъизе;

— жинцаго цIалараб асаралъе къимат кьезе, гьеб асаралъул багъадураздехун, лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб жиндирго бербалагьи загьир гьабизе.

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ IX классалъул цIалдохъабазда церелъолел аслиял тIалабал**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

— эркенлъиялъе гIоло гъабураб магIарулазул къеркьеялъулги адабияталъулги хурхен чIезабизе;

— лъазарурал асаразда жаниб тарихиял хаслъаби ратизе;

— лъазарурал асаразул композиция, сюжет ва сипатал гIуцIараб тартиб;

— лъазарурал асаразул аслиял багьадуразул гIамал-хасияталъул гIаммаб кIваралъул бицине;

— лъазарурал асаразул жанралъулал хаслъаби ратизе;

— критикиял макъалабазда лъазарурал асаразе къимат кьезе;

— программаялда рекIехъе лъазаризе рихьизарурал текстал;

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

— хъвадарухъанас рагIудалъун гIуцIарал художествиял сипатал церечIезаризе;

— асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;

— лъазабулеб асаралда жаниб сюжеталъул, композициялъул, багьадуразул сипатазул ва сипатияб каламалъул кIвар рагьизе;

— художествиял асарал пасихIго цIализе;

— бицунебги хъвалебги жиндирго кIалъаялъул план гIуцIизе;

— цIалараб тIехьалъе, бихьараб киноялъе, балагьараб спектаклялъе къимат кьун, рецензия хъвазе.

— хъвадарухъанас рагIудалъун гIуцIарал художествиял сипат-суратал церечIезаризе;

— идеябгун-художествияб хаслъиги хIисабалде босун, асаралъул тайпа чIезабизе. (эпосиябищ, лирикайищ, драмайищ гьеб кколебали);

— асаралъ рорхулел аслиял суалал ратизе;

— малъараб асаралда жаниб сюжеталъул, гIуцIиялъул, героязул образазул ва сипатияб каламалъул идеябгун-художествияб кIвар рагьизе;

— асаралъул идеяб магIна рагьизе героясул бугеб кIвар ва авторас гьесие кьолеб къимат батизе;

— асаралъул ва гьелъул героязул хIакъалъулъ лъугьараб жиндирго пикру кьучIаблъун гьабизе;

— художествиял, общественниябгун-политикиял, гьединго литературияб критикаялъулал текстал битIун, дурун, рагIун цIализе;

— художествиял асарал пасихIго цIализе;

— бицунебги хъвалебги жиндирго кIалъаялъул план гIуцIизе;

— захIматалъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе (жидерго хIалтIул хIалбихьиялъул кьучIалда ва малъарал асаразда тIасан);

— общественниябгун-политикияб ва литературияб критикаялъулал макъалабазул къокъаб хIасил хъвазе, гьезие план гIуцIизе;

— цо литературияб асаралда тIасан доклад яги къокъаб кIалъай хIадуризе;

— жинцаго цIалараб тIехьалъе, бихьараб киноялъе, балагьараб спектаклялъе къимат кьун, рецензия хъвазе.

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ X-XI классазул цIалдохъабазда цере лъолел тIалабал**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

— Дагъистаналъул литератураялда жаниб XIX гIасруялда ккарал тарихиял лъугьа-бахъиназул хаслъи батизе ва бицине;

— поэтазул асаразул хаслъи, миллияб литература цебетIезабиялъулъ гьез лъураб бутIа;

— гIурус литератураялъул дарсазда малъарал литературияб теориялъул баяназдаса пайда босизе;

— рекIехъе лъазаризе рихьизарурал асарал.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

— хъвадарухъанас рихьизарулел лъугьа-бахъиназул сурат цебечIезабизе;

— художествияб хаслъиги хIисабалде босун, малъараб асаралъул анализ гьабизе;
— хабариял, лирикиял, драмалъул асарал ратIа рахъизе;
— асаралъул гIуцIи, лъугьа-бахъиназул рахас; героязул образал, сипатияб калам дандекъан, асаралъул идея ва художествияб хаслъи рагьизе гьезул бугеб кIвар батизе;
— асаралъул героясул хасият-гIамалалъе къимат кьезе, цо яги чанго асаралъул героял дандеккун, гьезул гIаммал ва хасал рахъал ратизе.
— асаралъул герояздехун, гьенир кколел лъугьа-бахъиназдехун авторасул бербалагьи батизе;
— малъарал асаралги кьочIое росун, авторасул творчествоялъулги гьесул рухIияб дунялалъулги хурхен чIезабизе;
— цIалараб асаралъе жинца кьолеб къимат кьучIаблъун гьарулел хIужжаби рачине;
— художествияб асар пасихIго цIализе;
— жиндир кIалзулаб ва хъвавулаб кIалъаялъе план гIуцIизе;
— батIи-батIиял тайпабазул сочинение данде гьабизе (бицунги хъванги);
— захIматалъул темаялда творческиял сочинениял хъвазе (жидерго хIалтIул хIалбихьиялъул кьучIалда);
— учителасул лекциялъул, литературияб критикаялъул, ричIчIизе бигьаял гIелмиял макъалабазул къокъаб хIасил хъвазе;
— цо яги кIиго, лъабго асаралда тIасан доклад хIадуризе;
— жинцаго цIалараб тIехьалъе, бихьараб киноялъе, спектаклялъе, выставкаялъе къимат кьун, хъвазе.